

Mezanmi ret sezi  
Jean Erich René

Kreyòl ka fè pwezi  
Men pinga fè jalouzi  
Jeremi gen 7 Komin  
Pou yo kreyòl se yon min  
Lè nou rive Koray  
Yo tout mache sou ray  
Lè nou rive Pestel  
Tout moun mete bretel  
Lè nou desan-n lan Rozo  
Yo vole tankou zwazo  
Lè nou ateri Jeremi  
Nou wè pèp la rete fremi  
Lan vil Bonbon  
Yo di nou bon  
Lè nou pale lan Zabriko  
Pèp la chante kokoriko  
Lè nou rive Moron  
Pèp la vire tou ron  
Ak kreyòl nou ka apran-n  
Se yon lang ki gen konpran-n  
Pa koute moun kap betize  
Plen tèt nou ak tout vye koze  
Se mwen Kenge ki tap pale ak nou  
Kreyòl dous anpil pase doukounou

Nap jwenn yon kalite lòt bon bagay ankò ke  
teknisyen sa yo prepare. Men an atandan map tou pran ti kras ladan yo chak  
samdi pote bannou pou nou ka simaye kreyòl la pi byen.

Nou anraje, kòk graje !  
Se mwen Kenge

Lan fè mayilov voye krache anlè lan palman-an, peyi ya gen 3 mwa san Premye  
minis. Lago lago sa-a pa bon pou pèp la ! Men mouche Fernandez ki se  
Prezidan Dominikani, lan somè ki fenk fèt lan peyi Ròm, 3 jwen al pou 5  
jwen 2008 la, deklare ke : Li pwal fè Dominikani tounen gad manje Ayiti. A  
la de derespektan! Tout sa, se moun kap mennen peyi ya ki reskonsab. Yo pap  
okipe de pwoblèm manje ni ensekirite. Se yon vèb Premye minis kap konjige  
depi 3 mwa. Se tròp sitirans sa-a ! Li lè, li tan pou bagay sa-a fini.

Sa palmantè yo bay kenbe pou yo refize Ericq Pierre ak Bob Manuel la pa  
kanpe sou anyen. Gen depite la-a ki pa menm konnen kilès ki papa yo. Se yon

siyati yo bayo, alewè pou yo ta gen batistè gran papa yo. Nou mèt salel !  
Gen de non map tande lan chanm lan ou tou wè ki move van ki mennen yo la-a.  
Se dan radòt yo kap pouse ki fè yal tabli sou zafè non, koulè ak sèks yon kandida. Ke yon moun te rele Pyè ou byen Gibè ki sak deranjel lan djòb li pwal fè kòm Premye minis. Pandan ke nap betize ak pwoblèm koulè ki deja touye yon pakèt moun, vwala ke lan Kanada se yon fanm nwè lakay nou ke yo rele Mikayèl Jan ki Gouvènèz. Pandan ke nap grennen tenten tout la sent jounen sou zafè ti wouj ak ti nwè, lan Etazini yon pisans ki chaje ak zetwal lan drapol, men se yon barak yo rele Obama ki pwal taye bandal kòm Prezidan. Sa kap pase nou la-a an Ayiti ! Manyè pran kòd tèt nou pou nou pa pile sim te konnen.

Se dilere sa, pou yon bann moun ap vini pale de pwoblèm koulè ankò. Li lè pou nou jete vye komplèks sa yo. Lan tout peyi devlope sistèm demokratik lan mande ke se moun ke pèp la vle ya ki pou prezidan. Fòk mwen di nou tou, pèp peyi sa-a yo konn sa yo vle. Yo pap chwazi presidan pou bèl dan ni pou yon vè kleren ou byen biswit ak aransò. Pou Primati ya se pa bèl gason ki gen bèl kanson, ni bèl fanm dan chenèt yap chèche, men moun ki gen repondong pou fè djòb la.

Sim konprann kout tanbou kap bat la-a, kantik kap chante la-a, dans yanvalou kap danse la-a, vle di ke : anba tonèl la, yo bezwen moun ki konnen li, ekri, kap vini pale de devlopman ekonomik. Bay pèp manje, sekirite , limyè, travay, kay, ti gout dlo pwòp pou yo bwè elatriye. Yo limen yon sèl boukan dife medizans dèyè Michèle Duvivier Pierre Louis. Yo detrese yon bò tèt madanm lan pou yo ka fèl kouri. Yo chante « Lan peyi pam fanm pa kòmande » Ebyen « 3 fwa pase la , se la dènye ki rèstera.» Wè pa wè antèman pou 4 trè. Nou anraje, kòk graje !

Se mwen Kenge ki tap pale ak nou  
Se rat kay kap manje pay kay